



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REZILTA ENVESTIGASYON SOU BLAKAWOUT NAN METWO A

MTA pral aplike mezi diminisyon ak pwotokòl amelyore pou evite repetisyon ensidan 29 out la

Gouvènè a mande revizyon nan sant kontwòl operasyon yo nan tout MTA pou idantifye epi ranje nenpòt lòt feblès potansyèl

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a rezilta yon investigasyon sou sa ki te lakoz blakawout toupatou sou tout liy nimerasyon MTA yo ak nan tren L la 29 out la. De konpayi enjenyeri ki soti deyò, [HDR](#) ak [WSP](#), yo te gen responsabilite pou envestige ak detèmine yon koz prensipal epi yo te jwenn ke pàn an te koze pa erè imen. Swit apre rezilta investigasyon an, Gouvènè Hochul ap mande yon revizyon konplè nan sant kontwòl operasyon yo nan tout MTA a pou idantifye ak iminye nenpòt lòt feblès potansyèl yo.

"Nan lannwit dimanch 29 out la, sèvis pou pasaje tren yo te fèmen toudenkou e sanzatan, e imedyatman apre pètibasyon an, mwen te mande MTA pou mennen ankèt sou koz la. Ekip yo te travay rapid pou idantifye sous pwoblèm nan epi rekòmande amelyorasyon. Mwen ap mande mezi diminisyon pou asire ke yo pa janm pètibe pasaje yo pa koz sa yo ankò", **Gouvènè Hochul te deklare.** Nouyòkè yo merite konfyans absolü nan yon sistèm metwo k ap fonksyone konplètman, epi se travay nou pou restore konfyans sa." M ap mande MTA a tou pou revize tout sant kontwòl operasyon yo nan tout sistèm lan pou idantifye nenpòt lòt feblès potansyèl ak bay asirans pou anpeche yon sitiasyon tankou sa a pa janm ankò. Nou pral founi modènizasyon, amelyorasyon, ak fyabilite ke pasaje yo merite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare, "Rapò a bay MTA a responsabilite pou re-òganize imedyatman fason nou kenbe ak jere sistèm kle yo ki sipòte RCC a. Ajans lan pral enstale tou koneksyon kab adisyonèl pou amelyore redondans kouran nan bilding lan, ansanm ak yon Sistèm Jesyon Bilding ki pi konplè ki pral bay vizibilite detaye sou estati distribisyon elektrik, mekanik, ak sistèm sekirite bilding lan. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske l ap vrèman atake pwoblèm sa yo pwofondman avèk nou epi ede idantifye solisyon k ap dire lontan."

Rapò yo te revele ke kòz presipitasyon pèt kouran nan Sant Kontwòl Transpò Ray Vil New York te soupwodwi yon entèripte san tansyon ki te aktive manyèlman nan youn nan inite distribisyon enèji bilding lan. Endikasyon preliminè yo sijere ke yo ta ka peze bouton kòmand otomatik la aksidantèlman paske li manke yon pwoteksyon n plastik ki ta anpeche deklanchman aksidan an.

Li parèt ke se paske yo pa retabli kouran an pandan plis pase inèdtan lakoz defo òganizasyon ak pwosesis entèn yo, avèk estrikti antretyen òganizasyonèl ki deja egziste nan RCC ki bezwen revizyon pou anpeche ensidan tankou sa a rive ankò. Konpayi yo k ap investige sou ensidan an te jwenn tou ke efè ensidan an te vin pi grav akòz mank yon sistèm siveyans distribisyon enèji RCC a. Yon sistèm konsa ta bay vizibilite estati eleman elektrik kle yo nan sistèm distribisyon enèj a.

Rapò a bay MTA a responsabilite pou re-òganize imedyatman estrikti jesyon sntretyen li an nan RCC a. Kòm yon amelyorasyon akoutèm, rapò yo rekòmande ke Otorite a enstale ekipman adisyonèl ki pral altène sikwi elektrik pou alimante tout sikwi elektrik yo nan bilding lan. Alontèm, rapò yo rekòmande pou New York City Transit enstale ak jere yon Sistèm Jesyon Bilding modèn ki pral bay vizibilite detaye sou estati distribisyon elektrik, mekanik, ak sistèm sekirite bilding lan.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)